

Wout la

Transpò piblik: Nou nan Union Square, Somerville. De (2) otobis, #87 Lechmere/ Clarendon Hill ak #85 Kendall Square/Spring Hill rete dirèkteman devan The Family Center. Otobis wout #80, #86, #88, #91 pase nan Union Square apeprè a kat (4) blòk de The Family Center.

Nan machin: Si wap soti nan Massachusetts Avenue North: Vire agoch sou Somerville Avenue nan Porter Square. The Family Center nan 366 Somerville Avenue egzakteman apre Market Basket la.

Si wap soti nan McGrath Highway: Swiv siy pou Somerville Avenue ak Union Square. Ale nan direksyon Union Square jiskaske ou rive nan entèseksyon prensipal la. Vire adwat sou Bow Street. Rete sou Bow Street, kenbe bò goch paske li fè yon koub tout otou jiskaske w jwenn Somerville Avenue. 366 Somerville Avenue egzakteman anfas entèseksyon Bow Street ak Somerville Avenue an.



The Family Center, Inc.
366 Somerville Ave.
Somerville, MA 02143

617-628-8815 fax: 617-625-2351

Ofis nou ouvwi: Lendi-Jedi: 9:00 am - 8:00 pm
Vendredi: 9:00 am - 5:00 pm



tout kab triyonfe

Nan The Family Center (Sant Fanmi an) nou bay sipò nan fason ki pozitif ak imajinab. Nou kwè tout fanmi, kèlkeswa presyon oswa pwoblèm yo genyen, ka gen kouraj epi yo ka devlope pozitivman malgre difikilte yo. Nan The Family Center, nou travay ansanm avèk ou pou nou dekouvri ki zouti w bezwen pou ede oumenm ak fanmi-w pwospere.

The Family Center ap travay ak fanmi yo depi an 1982. Pou enfòmasyon sou kouman nou ka ede-w,

tanpri rele

fanmi



Kiyès nou ye

The Family Center se yon òganizasyon ki **lisansye** sou zafè sante mantal. Anplwaye ki travay la, pale plizyè lang, yo soti nan plizyè peyi ak lòt ras. Konseye sante mantal, ansanm ak lòt anplwaye yo spesyalize nan ede fanmi sou zafè sante mantal avek sèvis sosyal. Nou envite tout fanmi kap chache sipò sa yo nan sant nou sa-a, ou ka jwenn sèvis tankou: terapi pou koup kap divòse, imigran ki soti nan lot peyi ki genyen difikilte nan leve pitit yo, vyolans domestik, koup ki genyen pwoblem nan relasyon yo etc.

The Family Center se yo sant kap **travay avek fanmi depi 1982**. Pou plis enfòmasyon, tanpri rele nou nan 617-628-8815.

Frè yo

Nou ofri plizyè gwoup pou fanmi. Gwoup sa yo pa koute chè, genyen posiblite pou ka pa bezwen peye si-w genyen pwoblem lajan. Nou aksepte asirans sante tou. Si gen moun ki genyen difikilte pou peye pou terapi pou fanmi yo, nou kapab desann pri-a pou yo.



Pwogram yo

The Family Center la pou ede-w avek fanmi-w. Me on list pwogram ke nou ofwi:

- Terapi pou fanmi, oubyen pou koup ki genyen pwoblem nan relasyon yo
- Vizit lakaye ou atravè Depatman Sèvis Sosyal
- Atelye avek lòt enfòmasyon pou fanmi ou
- Pwogram ki ofri sipò pou fanmi:
 - Gwoup pou paran kap chache sipò nan kominote-a, avek konseyan sou jan pou leve timoun pa bò isit
 - Gwoup avek sipò pou fanmi kap viv nan vyolans domestik



pou plis enfòmasyon, tanpri rele

Tout moun bezwen yon ti sipò anplis pafwa.

Eske ou vle fè konseyan ak lòt fanmi?

Eske ou bezwen yon moun pou pale avèk li?

Eske pitit ou gen pwoblem nan lekòl?

Eske ou genyen anpil difikilte pou ajiste vi-w nan peyi isit, ansanm avek leve pitit ou nan de diferan kilti-a sa yo?

Eske ou pè mari/ mandanm ou oswa mennaj ou?

Eske wap chèche yon kote pou w amize w an fanmi?

Eske ou vle fanmi-w konnen oryantasyon seksyèl ou?

Eske ou vle rantre nan yon gwoup sipò?

617-628-8815